

Kreyòl ayisyen, egzamen 2
Ben H, 2004

Mouche Defas

I. Esè kout

Ou bezwen dekri moun sa yo nan omwens 6 fraz. Fraz yo bezwen dekri kèk bagay sou yo ki espesyal oubyen enteresan [M ap chwazi 3 nan yo]:

Ivon. Egzanp: Ivon te yon papa fou epi avèg. Li te renmen Mouch Defas anpil. Malgre tout konpòtman terib Mouch Defas, li te vegle pwòp je pa l. Li te kwè tennfas Mouche Defas se yon nèg debyen, yon nèg relijyon. Poutan Mouche Defas se yon vye vagabon san koutcha [*shameless*] ki vle kouche ak madan Ivon!. Ivon vle marye pitit li, Maryàn, avè l. Ivon menm bay Mouche Defas pyès kay la.

Neli
Monfi
Maryàn
Lifèt
Defas
Dorin

II. Vokabilè ki pi enpòtan.

M ap itilize mo ak espresyon sa yo nan yon varyete aktivite. Pa egzanp, matchin, ranpli espas vid la, repons kout...

pa antre nan **koze** ki pa gade ou
se li ki **sèl kòk chante**
pran pòz **lwijanboje**
tripotay ak **jouda**
l ap pèdi **repondong**
Pa fè **bouch mwen long**
l ap touye l ak **zoklo**
l ap renmen fè **zèv baka >>> bakoulou santi**
fò m defann **diyite** m
m vle soti nan **peten**
n ap genyen **ata** konkou madanm ou
Lè m wè konbinezon, **mannigans**, mannigèt
ou ap **vire lòlòy** mwen
M ap bay tout moun **kè grenn** [jealous; sad, downhearted, depressed]
Se **alawonnbadè** y ap di ou mal aji
Pe bouch ou la tenten!
Sispann **pale an daki**
Se fann **yo fann fwa** Defas
Krik? Krak!

III. Tèm ak evènman ki nan *Mouche Defas*

Sa k rive Defas nan dènye 10 paj nan liv la?
Ki moun ki jwenn pyès kay la? Ki jan?
Pou ki rezon Monfi akize moun nan kay la?
Ki leson nou ka pran nan liv *Mouche Defas* ?
Èske nou genyen kèk “Mouche Defas” modèn?

IV. Ki moun te di l’?

Nan pati sa a m ap ba ou 4 estrè ki soti nan liv la, ou ap di m ki moun ki te di l.

V. Diksyonnè oksfòd la

p. 33
p. 88 – 93
p. 116 (1-10)

Mwen ka fè plizyè aktivite ak paj sa yo. Pa egzanp, matchin, idantifikasyon, ranpli espas vid la, definisyon kout.

Revize tout paj sa yo epi metrize òtograf tout mo sa yo.

VI. “Out” *Konpa kreyòl*

N ap sèvi ak sa kòm yon aktivite koute [listening activity]

Li chan an 2 fwa anvan egzamen an.

M ap mande ou ranpli espas vid la ak mo kreyòl la epi pou ou ban m tradiksyon angle a.